QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«23» Декабрь 2021-y. № 03-02/1-5789 «____»-________2021-j.

**Қоңырат районы "Қоңырат АПЖ, Гүлистан елаты, 20-жайда жасаўшы пуқара П.Қуандықов ҳам басқаларға**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 16-декабрьдеги мәжилис баянламасында белгиленген тапсырмаларды орынлаў ҳәм 2021-жыл 17-декабрь күни Қоңырат районы "Қоңырат" аўыл пуқаралар жыйыны пуқаралары ҳәм де 45-санлы мектеп оқытыўшылары тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жоллаған мүрәжатын үйренип шығыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 20-декабрьдеги 297-санлы буйрығы менен исши топар дүзилип 21-декабрь күни Қоңырат районы 45-санлы улыўма орта билим бериў мектеине үйрениў жумыслары алып барылды.

Үйрениў даўамында улыўма орта билим бериў мектебиниң жумысларында бир қанша кәте-кемшиликлер бар екенлиги анықланды. Анықланған кемшиликлер бойынша 45-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң директоры Д.Балтамуратоваға Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-декабрь күнги 64-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 2-бәнти тийкарында ортаща айлық ис ҳақысының 30 пайызы муғдарында жәрийма салынды.

Буннан алдын Д.Балтамуратоваға өз лаўазым ўазыйпаларына немқурайдылық пенен қарағаны ушын Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы 28-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 1-бәнти тийкарында "СӨГИС" интизамий жазасы берилген еди.

Сизиң, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жоллаған мүрәжатыңыз бойынша мектепте жыйналыс өткерилди ҳәм мүрәжатшылардың пикирлери тыңланды. Жыйналысқа қатнасқан мүрәжат ийелериниң барлығы бир аўыздан мектеп директоры өз лаўазымына ылайық емеслигин билдирип, жумыстан босатыўын сорады.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги "Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-6108-санлы Пәрманы ҳәм 2020-жыл 6-ноябрьдеги "Тәлим-тәрбия системасын жәнеде жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-4808-санлы қарары тийкарында қабыл етилген Өзбекстан Республикасы

Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 30-июньдағы “Улыўма орта билим бериў мектеплери директоры лаўазымына талабанларды дәслепки тәризде таңлап алыў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында”ғы 202-санлы буйрығына ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 16-декабрьдеги мәжилис баянламасы қарарына тийкарланып 45-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры Д.Балтамуратованы ийелеп турған лаўазымынан азат етиў мәселесин Халық депутатлары Қоңырат районлық Кеңеси сессиясында қарап шығып, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине жуўмағы бойынша шешим шығарып бериў ушын Қоңырат районлық ҳакимлигине усыныс берилетуғынлығын билдиремиз.

Егерде берилген жуўаптан наразы болсаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиўиңизге ҳуқықыңыз бар екенлиги түсиндирип өтемиз.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Орынлаўшы: Ж.Раметуллаев
Тел: (61) 222-16-51

“O‘zbekiston pochtasi” AJ 3-sh.

-son **KVITANSIYA**
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)
**buyurtma** ______ ______ **qabul qilishda**
(jo‘natma turi) (alohida belgisi)
Qayerga
Kimga
Og‘irlik ______ g.
Jo‘natish uchun to‘lov ______ so‘m ______ tiyin

**Qabul qildi** ______
(imzo)

Xalq ta’limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo‘lishingiz mumkin
www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz